CONSEIL NATIONAL DE CONCERTATION
ET DE COOPÉRATION DES RURAUX

NDIGËL YI ÑU NANGUL SU NU BOPP CI YORALIN BU MUCC AYIB

JËM CI KOOM-KOOM YI ÑU FI FEKK DI SUUF, GÉEJ AK ÀLL BI,
CI LÉPP LUY AAR DUNDU ASKAN WI CI BIIR RÉEW MI

Ndigël yi ñu nangul su nu bopp ci yoralin bu mucc ayib jëm ci koom-koom yi ñu fi fekk di suuf, géej ak àll bi, ci lépp luy aar dundu askan wi ci biir réew mi

Ndigël yii ñu nangul sunu bopp nak, ñu ngi ci déggóo ak kurél giy càmmonteeg kaarange dundu askan wi, ci seen 38eelu ndaje bi ammon ci 11 fan ci weeru Mee ci atum 2012, ginaaw ay sumbu waxtaan yu bari yu dajale woon lu tolloog 700 ciy nit ñu jogewoon ci lu toolu ci 113 réew, ñu toogaloon fa nguur, kurél yi àndul ak nguur ak borom xam-xam yi yëngu ci daara yu kowe yi.

Ndigël yii ñu nagul sunu bopp nak, jubluwaayam mooy :yaatal bépp doxalin ci yoralinu suuf, géej ak àll bi moo xam bi aaju ci doxalin u nguur di yoon wala aada di cosaan. Seen bëgg-bëgg yi nak mooy, fexe ba ñëpp am dundu bu doy, te xamal nit ñi ne ku nekk war naa am dundu bu sell bu méngoog xalaat u ñiy aar dundu askan wi ci réew mi.

5 (juróom i) ponkyiñutegngirdoxalyoralinusuuf bu dëppoogyoon :

Nangu te jox àq ak gëdd képp ...

1

Nangu te jox àq ak gëdd képp ku askan wala nguur nangul sa sañ-sañ ci yore suuf,
Nguur gi nak war na jël bépp matukaay yu jaar yoon ngir xàmmee te tënk képp ku ñu nangul sa sañ-sañ ci yore suuf, moo xam ci nguur wala déet, ngir moytu bépp xeeti jalgati ak yàq, te jox yelleef képp ku ñu nangul sa sañ-sañ ci yore suuf.

Sàmm yoon yi ñu jagleel...

2

Sàmm yoon yi ñu jagleel yoralin u suuf ngir ñu mucc ci jalgati yi. Nguur gi nak war na sàmm ñi ñu nangul sañ-sañ u yore suuf ba du ñu néewal doole seen benn sañ-sañ , jëm ci génnee yu dëppoowul ak benn yoon bu ñu sukkandikoo ci sàrt réew mi wala bitim réew ci yoralinu suuf.

Yaatal te yombal liy jëmal...

3

Yaatal te yombal liy jëmal li askan wala nguur nangu ci yoralinu suuf. Nguur gi nak,war na jël ay matukaay yu dëggu ngir yaatal te yombal lii jëmal àq i ñi askan wala nguur nangul senn sañ-sañ ci yore suuf, wala ñu mën jokklànte seen àq, ci missaal yombal jotin bi ci ñëpp.

Yombal jotin bi ci wàll...

4

Yombal jotin bi ci wàll u yoon bu jalgati àq amee ci yoralinu suuf. Nguur gi nak war na teggal ku ne ay jumtukaay yu mucc ayib te jotin bi yomb, ci digante ñi fi toogal yoon ak ñëpp ñi mu soxal, ngir saafara uuté gi ci ñi am sañ-sañ yore suuf, fexe it ba doxal déggoo yi ci lu gaaw te yomb. Nguur itam war na sóoraale ay ndàmpaay yu gaaw te mengoo li ñu nangu bu fekkee, dañu nangu suuf u kenn ngir njariñ u askan wi.

Fagaru réeroo yi...

5

Fagaru réeroo yi, jàmarloo yu tar yeek, ger yi ci ñi am sañ-sañ yore suuf.Nguur gi nak war na jël ay matukaay yu dëggu ngir moytu réeroo ci ñi ñu nangul seen sañ-sañ u yore suuf. Fexe itam ba ñi ñu nangul seen sañ-sañ ci yore suuf bañ am ay jàmmarloo yu tar ci seen biir. Def ay diéggo yu am solo, ngir xeex bépp xeet u ger ci fànn bu ne.

www.cncr.org

10 (fukk) ponk ci doxalinwi :

(i) jox ku ne gëddam ; (ii) bañ beddi kenn ; (iii) yemale ñëpp ci yoon ; (iv) yemale góor ak jiggèen ; (v) yóbbaale gu sax dàkk fànn yi ëmb doxalin yëpp ; (vi) laaj xalaat ak boole ñëpp ; (vii) jox àq nit ki ; (viii) leeral ; (ix) wareef u xammal ñi ci bokk ; (x) di baaxal doxalin wi sa su ne.

www.cncr.org

Synthesis © +221 776 416 837

CNCR (Conseil National de Concertation et de Coopération des Ruraux)

Villa N° 58A, 3e étage, Lotissement CICES,
Dakar - Tél. : (221) 33 827 74 53

cncr@cncr.org